Kushanda nesimba

Enda kumujuru, iwe simbe; Cherekedza nzira dzawo ugova wakachenjera! Iyo isina muperekedzi, mutariri kana mutongi, inopa zvokudya zvayo muzhizha, uye inounganidza zvokudya zvayo mukukohwa. Iwe simbe, uchavata pasi kusvikira rinhiko? Uchamuka rinhiko pahope dzako? Kumbovata zvishomanana, kumbotsumwaira zvishomanene, kumbopeta maoko zvishomanana kuti ndizorore, saizvozvo urombo huchasvika segororo, uye kushayiwa somurwi akashonga nhumbi dzokurwa. ZVIREVO 6:6-11

Chengeta moyo wako kupfuura zvose zvinofanira kurindwa; nokuti mukati mawo ndimo mune zvitubu zvoupenyu. ZVIREVO 4:23

Anobata noruoko rusine hanya, achava murombo; Asi ruoko rweusimbe runopfumisa. Sezvinoita vhininga pameno, noutsi pameso, ndizvo zvakaita simbe kuna vanomutuma. ZVIREVO 10:4, 26

Ruoko rwavasine usimbe ruchabata ushe; Asi vane usimbe vachabatiswa chibharo. Simbe haibiki mhuka yayabata; Asi fuma yousimbe ndiyo inokosha. ZVIREVO 12:24, 27

Mweya wesimbe unopanga, asi unoshaiwa; Asi mweya wavasina usimbe uchakodzwa. fuma, yakawanikwa nokukurumidza, ichatapudzwa; Asi anounganidza noruoko, zvichawedzerwa. ZVIREVO 13:4, 11

Kubata kose kune batsiro; Asi kungotaura nemiromo kunobereka kushaiwa. ZVIREVO 14:23

Nzira yesimbe yakaita soruzhowa rweminzwa, asi nzira yavakarurama yakagadzirwa. ZVIREVO 15:19

Naiye ane usimbe pakubata kwake, ihama yomuparadzi. ZVIREVO 18:9

Usimbe hunowisira munhu pahope huru; uye mweya usimbe uchanzwa nzara. Simbe inopinza ruoko rwayo muchipfuva, isingadi kutongorudzosera kumuromo wayo. ZVIREVO 19:15, 24

Simbe hairimi kana kune chando; naizvozvo uchapemha mukukohwa, akashaiwa. Usada hope, kuti urege kuzova murombo; svinudza meso ako, ugogutiswa nezvokudya. ZVIREVO 20:4, 13

Ndangariro dzavashingairi dzinouyisa zvizhinji; Asi ani naani anokurumidzisa anongotsvaka kushaiwa.
Kuda koane usimbe kunomuuraya; nekuti maoko ake anoramba kubata basa. Zuva rose anoramba achingochiva, asi akarurama anopa asingarambi. ZVIREVO 21:5, 25-26

Simbe inoti, Kune shumba kunze, Ndingaurawa pakati penzira dzomumusha. Unoona munhu anoshingaira pabasa rake here? uchamira pamberi pamadzimambo; haangamiri pamberi pavanhu vasina maturo.
ZVIREVO 22:13, 29

Ndakapfuura napamunda wesimbe, Napamunda wemizambiringa womunhu anoshaiwa njere; Tarirai, akanga angomera mhinzwa chete, Kuso kwawo kwakanga kwakafukidzwa norukato, Norusvingo rwawo rwamabwe rwakanga rwakoromoka. ZVIREVO 24:30-31

Segonhi rinotendereka pamahinji aro, Ndizvo zvinoita simbe panhovo dzayo. ZVIREVO 26:14

Nekuti kunyange pataiva nemwi, takakurairai izvi, kuti kana umwe asingadi kushanda, ngaarege kudyawo.
2 VATESARONIKA 3:10

Zvose zvinowana ruoko rwako, kuti ruzviite, uzviite nesimba rako rose; nekuti hakune basa, kana zano, kana zivo, kana uchenjeri paSheori kwaunoenda. MUPARIDZI 9:10

Neusimbe huzhinji chivako chinoparara; nokusabata kwamaoko imba inodonha. MUPARIDZI 10:18

Wakaba ngaarege kubazve; asi zviri nani kuti atambudzike achibata chinhu chakanaka nemaoko, kuti ave nechaangapa unoshaiwa. VAEFESO 4:28

usavenga basa rinorema, kana urema hwakatemwa neWokumusoro-soro. MUPARIDZI 7:15

Simbe inofananidzwa nedombo rine tsvina, mumwe nomumwe anomuridzira muridzo kuti azvidzwe. Simbe inofananidzwa netsvina iri mudurunhuru; Mumwe nomumwe anointa achazunza maoko ake. MUPARIDZI 22:1-2

Kana munhu asingatyi Jehovha, imba yake ichaparadzwa nokukurumidza. MUPARIDZI 27:3

Ranga mwanakomana wako, umubate nesimba,
Kuti ufeve hwake hurege kukugumbusa. MUPARIDZI 30:13

Mutumei pabasa, kuti arege kuva nousimbe; nekuti usimbe hunodzidzisa zvakaipa zvizhinji. MUPARIDZI 33:27